



APÈSI SOU PLANIFIKASYON POU KONTINITE BIZNIS

APÈSI

Biwo pou Jere Ijans nan vil Boston mete sou pye yon bwat zouti pou Planifikasyon Kontinite Biznis. Objektif zouti sa a se pou ede biznis yo prepare pou ijans ak entèripsyon, kontinye fonksyone pandan moman difisil, epi reprann operasyon pi vit posib apre yo fin afekte.

Avèk bwat zouti sa a, w ap aprann prensip fondamantal planifikasyon kontinite biznis, mete sou pye pwòp plan aksyon ijans pa w ansanm ak yon plan kontinite biznis ki adapte ak reyalitye w, epi teste plan sa yo pou asire efikasite yo. Nou mete modèl ak gid a dispozisyon w pou akonpaye w nan tout etap yo.

ELEMAN KI NAN BWAT ZOUTI A

Bwat zouti pou planifikasyon kontinite biznis la genyen ladan l:

- 1. Apèsi sou planifikasyon pou kontinite biznis**
- 2. Gid sou planifikasyon pou kontinite biznis:** Yon gid ki gen enstriksyon pou mete sou pye epi teste plan w yo.
- 3. Plan pou pran aksyon an ijans ak gid sou entèvansyon:** Yon modèl plan pou ede biznis, pwoteje lavi ak pwopriyete pandan yon ijans, k ap gen ladan l:
 - a. Pwosesis komunikasyon
 - b. Yon modèl plan sou evakyasyon
 - c. Yon modèl plan refij sou plas
 - d. Gid pou sekirize pwopriyete ak materyèl
 - e. Gid entèvansyon sou ijans pou danje oswa senaryo espesifik (dife, medikal, blakawout, atak enfòmasyon, inondasyon, elatriye)
- 4. Plan kontinite biznis:** Yon plan pou ede biznis yo kontinye fonksyone epi tounen nan operasyon nòmal yo aprè yon ijans oswa entèripsyon. Modèl plan sa a ap gen ladan l:
 - a. Yon lis verifikasyon pou planifikasyon
 - b. Fonksyon esansyèl pou biznis ak estrateji pou kontinite ak restorasyon (ki gen ladan l tou: 4.1 Fèy travay sou fonksyon esansyèl biznis ak 4.2 Fèy travay sou estrateji pou kontinite ak restorasyon)
 - c. Pwosesis komunikasyon
 - d. Gid pou plan menmans
 - e. Gid pou ranmase enfòmasyon enpòtan
- 5. Fòmasyon + Egzèsis sou kontinite biznis:** Yon sistèm egzèsis modile ak gid pou teste efikasite plan w yo ak konpetans estaf ou a pou mete plan sa yo sou pye.
(ki gen ladann tou : Fèy travay ki gen kesyon sou diskisyon egzèsis yo)



City of Boston
Emergency Management